

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data jeung sumber data, biografi singget panyanggi, jeung prosedur panalungtikan.

Métode ngaguar sacara téhnik ngeunaan stratégi anu digunakeun dina panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 2) métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun meunangkeun data jeung udagan anu tangtu. Métode anu sistematis bisa mantuan panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanana. Métode nyaéta léngkah-léngkah pikeun méréskeun hiji pasualan, sarta cara anu digunakeun pikeun ngahontal udagan dina panalungtikan.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.203) métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanna. Disawang tina cara gawé jenis métode panalungtikan téh aya dua, nya éta métode kualitatif jeung métode kuantitatif. Metode kualitatif sipatna natural, sedengkeun métode kuantitatif digunakeun pikeun maluruh populasi anu tangtu, hasilna dina wangun angka anu sipatna bisa diitung.

Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 16-17) métode panalungtikan kualitatif sok disebut métode panalungtikan naturalistik ku sabab dilaksanakeun dina kondisi anu alamiah, disebut ogé métode étnografi lantaran baheula leuwih loba digunakeun pikeun panalungtikan antropologi budaya. Disebut métode kualitatif ku sabab data nu kakumpulkeun jeung analisisna miboga sipat kualitatif.


Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kualitatif jeung dumasar métode anu dipilih nyaéta métode déskriptif analisis. Nurutkeun Fathoni dina Sugiyono (2013, kc.20) métode déskriptif nyaéta métode anu udaganna pikeun ngagambarkeun masalah nu keur disanghareupan, ku cara nyusun atawa nyieun papasingan data, nganalisis data, nafsirkeun data, anu satuluyna nyieun kacindekan. Sedengkeun, nurutkeun Arikunto (2013, kc.309) métode déskriptif analisis nyaéta métode anu ngagambarkeun kaayaan anu lumangsung nalika panalungtikan dilakukeun dumasar kana fakta anu aya.

Ku kituna saluyu jeung anu dipedar, ieu panalungtikan ngagunakeun métode kualitatif jeung dumasar métode anu dipilih nyaéta métode déskriptif analisis. Dipaké pikeun nalungtik hiji objék anu udaganna pikeun ngagambarkeun sacara sistematis, faktual jeung akurat dumasar fakta-faktana. Panalungtikan métode kualitatif deskriptif digunakeun pikeun ngagambarkeun struktur jeung ajén atikan tina objék panalungtikan nu mangrupa rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta proses atawa léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan. Nurutkeun Sukardi dina Sugiyono (2013, kc. 38) désain panalungtikan minangka hiji rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, ku cara ngumpulkeun data, nganalisis data nepi ka ngahasilkeun data anu hadé. Désain panalungtikan raket patalina jeung pamarekan ogé métode panalungtikan. Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif jeung prosedur anu digunakeun nyaéta deksriptif analisis. Pamarekan kualitatif bisa digunakeun pikeun masalah-masalah aktual ku cara ngumpulkeun data, ngadéskripsikeun data ogé nganalisis data. Désain panalungtikan dijieun pikeun panalungtik sangkan teu baluweng dina ngalaksanakeun panalungtikanna.

Ieu di handap mangrupa bagan anu nunjukkeun gambaran panalungtikan nu dilaksanakeun.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta talaah pustaka. Nurutkeun Arikunto (2013, kc.85) téhnik talaah pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah eusi téks nu geus aya patula-patalina jeung konsép teoritis sarta bahasan pasualan panalungtikan. Objék anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta saperti di handap.

- 1) Nyetél kawih album *Wiwitan Puji*.
- 2) Ngadéngékeun tuluy ditranskripsi.
- 3) Nyirian jeung méré tanda kana bagéan-bagéan rumpaka kawih anu patali jeung panalungtikan.
- 4) Nyalin kana kartu jeung tabél data.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngaliwatan téhnik analisis. Data anu geus kakumpul dina ieu panalungtikan tuluy diolah ku cara niténan data anu geus kakumpulkeun. Dipiharep dina nganalisis struktur jeung ajén atikan anu aya dina kawih album *Wiwitan Puji* ieu téh bisa didéskripsikeun kalayan jéntré.

Dina panalungtikan satuluyna dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus kakumpulkeun.
- 2) Nganalisis struktur rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*.
- 3) Nganalisis ajén atikan anu aya dina rumpaka kawih album *Wiwitan Puji*.
- 4) Nyieun kacindekan ngeunaan hasil analisis struktur jeung ajén atikan.
- 5) Matalikeun objék anu geus ditalungtik jeung pangajaran kasih kelas X.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa pakakas pikeun mantuan panalungtikan dina kagiatan ngumpulkeun data. Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Arikunto (2013, kc. 90) yén instrumén nyaéta alat pikeun mantuan panalungtik dina kagiatan

Sutri Aprilia Ningrat, 2023

RUMPAGA KAWIH ALBUM WIWITAN PUJI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMA KELAS X (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngumpulkeun data. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta saperti kieu.

a) **Kartu Data**

Kartu data miboga fungsi pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data anu geus aya sangkan babari nalika nganalisis datana. Kartu data digambarkeun saperti ieu di handap.

1) **Struktur Lahir Rumpaka**

Tabél 3.1 Diksi dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Diksi

Tabél 3.2 Imaji dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Imaji

Tabél 3.3 Kecap Kongkrét dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Kecap Kongkrét

Tabél 3.4 Gaya Basa dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Gaya Basa

Tabél 3.5 Purwakanti dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Purwakanti

2) Struktur Batin Rumpaka

Tabél 3.6 Téma dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Téma

Tabél 3.7 Rasa dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Rasa

Tabél 3.8 Nada dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Nada

Tabél 3.9 Amanat dina Rumpaka Kawih album *Wiwitan Puji*

No	Kode Rumpaka	Amanat

3) Analisis Ajén Atikan

Tabél 3.10 Data Analisis Ajén Atikan

Ajén Moral	Ajén Sosial	Ajén Agama

3.4 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh sagala rupa référénsi nu ngarojong kana ieu panalungtikan, saperti buku-buku, artikel jurnal, jeung média séjénna nu patali jeung panalungtikan. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta kawih album *Wiwitan Puji*. Sumber data anu dipaké nya

éta tina audio atawa musik. Aya 8 judul kawih anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan:

Tabél 3.11 Data Rumpaka Kawih Album *Wiwitan Puji*

No	Judul Kawih	Laras	Pangarang Rumpaka	Kode Rumpaka
1	Wiwitan Puji	Pélog 1=T	Nano S	WP/01
2	Solawat Bani Hasyim	Madenda 4=T	Raff	WP/02
3	Du'a	Madenda 4=T	Nano S	WP/03
4	Madep	Madenda 4=T	Ihin	WP/04
5	Demi Wanci	Madenda 4=T	Atang Warsita	WP/05
6	Pépéling	Pelog 1=T	R. A Darya	WP/06
7	Paneda	Pelog 1=T	Ibu Saodah	WP/07
8	Balitungan	Madenda 4=T	Atang Warsita	WP/08

Sangkan leuwih jéntré ieu di handap baris dipedar idéntitas albumna.

Judul Kawih Album : *Wiwitan Puji*

- a. Taun Medal: 2002
- b. Panyanggi : Nano S.
- c. Pangarang Rumpaka : Nano S., Raff, Mang Koko, Atang Warsita, R.A Darya, Ihin, jeung ibu Saodah
- d. Group : Gapura Bandung
- e. Pimpinan : Koestyara
- f. Juru Kawih : Barman Sachyana jeung Teti Affienti Affandie
- g. Rampak sekar : Lilis Rochyani jeung Lilis Mulyati
- h. Kendang : Ade Lili Warsa
- i. Suling : Ade Suwandi
- j. Jumlah Kawih : 8



Gambar 3.1 Cover Album CD *Wiwitan Puji*

3.5 Biografi Singget Panyanggi

Nano S nyaéta seniman anu karya-karyana geus réa jeung kawéntar di Tatar Sunda. Dina kanca kasenian anjeunna jadi salasahiji murid Mang Koko anu mangrupa musisi Sunda. Anjeunna fokus salaku panulis lagu-lagu Sunda, salah sahiji laguna nya éta “Kalangkang”. Tina kawih “Kalangkang” ieu Nano S meunang pangajén BASF Award dina taun 1989. Tuluy dina taun 1990 meunang deui pangajén ti HDX Award kusabab kawihna kajual dua juta *fotocopy*.

Dina kasenian Sunda Nano S téh kakoncara pisan ku sabab karya-karyana réa meunang pangajén. Nano S aktif dina widang kasenian. Anjeunna gumelar ping 4 April 1944, tilar dunya ping 29 Septémber 2010. Sanajan geus tilar dunya tapi karya-karyana masih kénéh nanjeur nepi ka kiwari.

Kawih-kawih nu aya dina ieu album téh dihaleuangkeun ku Barman Sachyana jeung Teti Affienti. Lalaguan anu aya dina ieu album téh sanggian ti sababaraha komponis, nya éta karya Mang Koko, Ihin, Atang Warsita, R.A Darya, Ibu Saodah, dan karya Nano S.

3.6 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa galur panalungtikan nyaéta rarancang dina panalungtikan. Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah ku cara nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, jeung métode panalungtikan. Sabada meunangkeun sababaraha masalah tuluy ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta talaah pustaka. Sanggeus ngumpulkeun data, tuluy data dianalisis nyaéta nganalisis struktur puisi Teori I.A Richard (téma, rasa, nada, amanat) jeung teori Alton C. Morris (diksi, imaji, kecap kongkrét, gaya basa, jeung purwakanti). Salian ti maluruh sacara struktur, panalungtik maluruh ogé ajén atikanna. Ajén atikan nurutkeun Loree dina Syamsudin (2012, kc. 105) ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama. tuluy hasil tina ieu panalungtikan dipatalikeun pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

Sangkan leuwih jéntré, saperti kieu galur dina ieu panalungtikan.

- 1) Nangtukeun objék panalungtikan jeung judul panalungtikan;
- 2) Nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, jeung métode panalungtikan;
- 3) Néangan teori-teori anu saluyu jeung objék panalungtikan;
- 4) Néangan sumber buku anu ngarojong kana ieu panalungtikan;
- 5) Ngumpulkeun data ku cara nyieun transkripsi tina wangun lagu kana wangun tulisan;
- 6) Nganalisis data;
- 7) Nyieun kacindekan.